

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pou nou fini ane matematik enteresan sa a, nou pral dekouvri pwobabilite. Pwobabilite fè w konnen li pa twò pwobab pou ou ranpòte premye lo nan yon lotri leta a. Sipoze ou gen pou chwazi sis nonm diferan ant 1 a 54. Pou ranpòte premye lo a, tout sis nonm yo dwe koresponn ak nonm ki soti nan yon tiraj osò. Pwobabilite pou ou genyen an se sèlman 1 sou 25.827.165 oubyen 0,00000004.

Yo ka dekri pwobabilite ki genyen pou kèk evenman rive ak yon nonm ant 0 ak 1.

- Yon pwobabilite ki 0 vle di evenman an pa gen chans pou li rive. (Alò pwobabilite pou ranpòte premye lo nan lotri leta a prèske 0.)
- Yon pwobabilite ki 1 vle di evenman an ap rive san manke.
- Yon pwobabilite ki $\frac{1}{2}$ oubyen 50% vle di evenman an gen menm kantite chans pou li rive ak menm chans pou li pa rive.

Pa egzanp, si yon moun ki fè previzyon meteyolojik di pwobabilite pou gen lapli demen se 90%, li ta petèt yon bon ide pou w soti ak parapli w, byenke lapli ka pa tonbe. Si pwobabilite pou lapli tonbe a se 10%, li pa twò pwobab pou lapli tonbe.

Nan chapit sa a, ou pral itilize rezònman matematik pou kalkile pwobabilite nan sitiyasyon senp tankou piloufas oubyen tire non moun pa aza nan yon chapo. Ou pral fè kèk ekperyans kote w ap vrèman jwe piloufas oubyen fè tiraj osò pou tire yon non epi apre sa, ou pral konpare rezilta yo ak pwobabilite ou te kalkile yo.

Vokabilè Pandan kou yo, ou pral aprann nouvo tèm ki nan vokabilè a :

egalman vrèsanblab	similasyon
pwobabilite eksperimantal	pwobabilite teyorik
pwobabilite	

Kisa w ka fè lakay ?

Chache sitiyasyon nan lavi toulejou ki gen pwobabilite ladan yo, tankou chans pou lapli tonbe oubyen chans nan match espòtif. Ou ka ankouraje elèv ou an jwe jwèt chans ansanm avèk ou pou nou ka aprann plis sou pwobabilite. Mande elèv ou an pou li montre ou jwèt nou jwe nan klas la epi mande li pou li dekri ki wòl pwobabilite genyen nan chak jwèt.

